

WMC Health
Westchester Medical Center Health Network

Avi anrapò ak fason nou jere enfòmasyon konfidansyèl

Avi sou fason nou jere enfòmasyon konfidansyèl

AVI SA A DEKRI FASON YO KA SÈVI AK PATAJE ENFÒMASYON SOU SANTE W AK FASON W KA GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI, PRAN SAN W POU W LI AVI SA A.

NOU PRAN ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL OU OSERYE

Lalwa bay rezo Sante Westchester Medical Center (WMCHealth) obligasyon pou l pwoteje enfòmasyon konfidansyèl sou sante ki ka afiche idantite w, e pou ba w yon kopi avi sa a ki dekri fason lopital nou an, ekip medikal la, ak founisè swen sante ki asosye avè l pou bay sèvis swen sante ak lopital nou an, jere enfòmasyon konfidansyèl sou sante w. N ap itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w jan sa dekri nan avi sa a. Y ap mande w pou w siyen yon konfimasyon ou te resevwa Avi sa a.

Si nou resevwa enfòmasyon konsènan dyagnostik ou, pwonostik ou, oswa tretman w pou yon twoub itilizasyon dwòg ki ge pou respekte 42 CFR Pati 2 ("Dosye Pati 2"), nou p ap itilize oswa pataje Dosye Pati 2 w yo, ni bay temwayaj ki rapòte kontni Dosye Pati 2 w yo, nan okenn pwosedi sivil, kriminèl, administratif, oswa lejislatif kont ou sof si ou te bay konsantman ekri pou pataj sa a (ki pa gen konsantman w pou nenpòt lòt itilizasyon oswa pataj), oswa yon manda tribinal apre yo fin ba w oswa nou yon avi ak yon opòtinite pou yo tande w (kòm detantè legal Dosye Pati 2 a), jan 42 CFR Pati 2 prevwa sa. Yon manda tribinal ki otorize itilizasyon oswa pataj enfòmasyon sa a dwe gen yon sitasyon oswa yon lòt egzijans legal ki oblije moun pataje enfòmasyon yo anvan yo itilize oswa pataje enfòmasyon yo mande a. Nan kèk sitiyasyon, nou jere pwogram pou twoub abi dwòg ki gen pou respekte lòt restriksyon anba Pati 2. Pasyan ki nan pwogram sa yo ka jwenn plis pratik konfidansyalite pou pwogram sa yo sou sit entènèt WMCHealth la sou https://www.wmchealth.org.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan avi sa a oswa w ta renmen gen plis enfòmasyon, tanpri, kontakte Ajan ki Responsab Enfòmasyon Konfidansyèl la nan (914) 493-2600.

KIYÈS KI APLIKE SA K NAN AVI SA A?

Tout anplwaye, ekip medikal, moun k ap pran fòmasyon, elèv, volontè, ak ajan WMCHealth yo ki nan kote ki mansyone pi ba a, aplike pwosedi anrapò ak enfòmasyon konfidansyèl sa yo. WMCHealth gen ladan l:

Westchester Medical Center, ki gen ladan l etablisman ki annapre yo:

- Maria Fareri Children’s Hospital
- Behavioral Health Center
- Mid-Hudson Regional Hospital
- Good Samaritan Hospital, yon manm WMCHealth
- St. Anthony Community Hospital, yon manm WMCHealth
- Por Jervis Community Hospital, yon manm WMCHealth
- HealthAlliance Hospital, a yon manm WMCHealth

Villa Francis at the Knolls, Inc. (Schervier Pavilion)
Margaretville Hospital
Mountainside Residential Care Center
Westchester Medical Center Advanced Physician Services, P.C.
Bon Secours Charity Health System Medical Group, P.C.
Center for Regional HealthCare Innovation

ITILIZE AK PATAJE ENFÒMASYON W

Seksyon sa a dekri plizyè fason nou ka sèvi ak pataje enfòmasyon w.

N ap plis itilize ak pataje enfòmasyon w pou tretman, pèman, e pou swen sante. Sa vle di nou itilize ak pataje enfòmasyon sou sante w:

- Ak lòt founisè swen sante ka p ba w tretman oswa ak yon famasi k ap ba w medikaman ki sou preskripsyon w;
- Ak asirans ou pou nou ka resevwa pèman sèvis swen sante oswa pou yo ba nou otorizasyon pou ba w tretman; epi
- Pou fonksyònman biznis nou, amelyore swen w, bay pwofesyonèl nou yo fòmasyon, epi evalye pèfòmans founisè a.

Itilizasyon Zouti Dokimantasyon ki gen asistans IA

Ou gen dwa pou w konnen ki lè ak kijan nou itilize entèlijans atifisyèl (IA). Founisè WMCHealth ou a ka itilize yon zouti pou dokimante an sekirite, ki fonksyone ak asistans entèlijans atifisyèl pandan vizit ou a pou sipòte yon dokiman klinik efikas. Zouti a ka trete enfòmasyon ki soti nan vizit ou a, tankou kominikasyon oral, pou jenere yon bouyon nòt klinik pou founisè a ka revize, modifye epi apwouve. Dènye nòt siyen an vin fè pati dosye medikal ou a. Done odyo oswa lòt done pasae yo pran pou objektif sa a pa konsève kòm yon pati nan dosye medikal ou epi yo pa itilize pou pran desizyon klinik.
Pafwa nou ka pataje enfòmasyon w ak asosye biznis nou yo, tankou sèvis fakti, ki ede nou ak fonksyònman biznis nou an. Tout asosye biznis nou yo dwe pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante w jan nou fè sa.

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon w tou pou nou kontakte w:

- Konsènan avantaj oswa sèvis ki gen rapò ak sante;
- Konsènan randevou w genyen k ap vini;
- Pou l wè si w ta renmen patisipe nan pwojè rechèch;
- Konsènan kanpay pou ranmase lajan pou WMCHealth.

Ou gen dwa pou w pa aksepte yo voye mesaj konsènan kanpay pou ranmase lajan pou ou. Ou ka fè sa lè w kontakte biwo WMCHealth Foundation nan foundation@wmchealth.org oswa pa telefòn nan 914-493-2575.

Si w pa vle resevwa mesaj konsènan pwojè rechèch ou ka kalifye pou w patisipe, ou ka voye yon lèt nan Westchester Medical Center’s Research Institute nan Westchester Medical Center, Executive Offices Taylor Pavilion West, 100 Woods Road, Valhalla, New York 10595, oswa nan telefòn nan 914-493-6280.

Gen pwoteksyon espesyal ki aplike si nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ki sansib. Sa gen ladan l enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, enfòmasyon sante mantal, enfòmasyon sou tretman pou abi alkòl oswa dwòg, oswa enfòmasyon ki gen rapò ak jèn. Pa egzanp, annamoni ak lwa Eta Nouyòk la, yo ka pataje enfòmasyon konfidansyèl ki gen rapò ak VIH sèlman ak moun lalwa bay otorizasyon pou genyen l, oswa moun ou bay otorizasyon pou genyen l, lè w siyen yon fòmilè otorizasyon presi. Si tretman w lan gen enfòmasyon sa a ladan l, ou ka kontakte Ajan ki responsab Aplikasyon Prensip/Enfòmasyon Konfidansyèl la nan 914-493-2600 pou plis esplikasyon.

Nou gen otorizasyon tou, e pafwa dapre lalwa, pou nou pataje enfòmasyon w lòt fason. Nou dwe reponn ak anpil kondisyon lalwa mete anvan nou pataje enfòmasyon w pou rezon ki annapre yo. Pami egzanp sa yo gen:

- Sante Piblik ak Sekirite: deklare maladi, nesans oswa lanmò; deklare abi, neglijans, oswa vyolans domestik ou panse ki genyen; pou w evite menas grav pou sante oswa sekirite piblik; kontwole pwodwi yo mande pou retounen; epi deklare enfòmasyon pou rezon sekirite ak kalite.
- Rechèch: analize pwojè dosye sante ki jwenn apwobasyon Komite Analiz Enstitisyon an (Institutional Review Board, IRB) e ki pa reprezante gwo danje pou vi prive w; prepare pou etid ki fèt nan kad rechèch; etid ki gen enfòmasyon sou defen sèlman.
- Jijman Jidisyè ak Administratif: reponn yon manda tribinal oswa administratif.
- Konpansasyon Travayè ak lòt Demann Gouvènman: pèman lajan oswa odyans konpansasyon travayè; ajans k ap verifye sante pou aktivite lalwa otorize; travay espesyal gouvènman (militè, sekirite nasyonal).

- Lapolis: aksyon polisye pou idantifye oswa jwenn yon moun ki ann afè oswa yon moun ki pèdi.
- Obeyi ak Lalwa: bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal pou wè si nou obeyi lwa federal anrapò ak enfòmasyon konfidansyèl.
- Sitiyasyon sekou lè gen katastwòf: pataje kote w ye ak akanplasman jeneral ou pou nou kapab avèti fanmi w, zanmi w, ak ajans lalwa ki gen lisans pou ede nan sitiyasyon ijans
- Bay òganizasyon ki jere don oswa grèf ògàn, tisi, oswa je.
- Bay yon Anketè, Anketè Medikal, oswa Direktè Ponp Finèb lè sa nesesè pou yo fè travay yo.
- Itilizasyon oswa Pataj ki Otorize ki Fèt yon Lè Konsa: site non w nan yon sal datant pou yon randevou e lòt moun nan sal datant lan ka tande yo site non w. Nou fè efò ki rezonab pou nou limite itilizasyon ak pataj sa yo ki fèt yon lè konsa.

Nan sitiyasyon ki annapre yo, nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon w, sof si w di w pa dakò, oswa si se oumenm menm ki ba nou otorizasyon. Si pou kèk rezon ou pa ka di nou sa w prefere, pa egzanp si w pa konsyan, nou ka pataje enfòmasyon w si n panse se sa k ap pi bon pou ou.

- Pou dosye pasyan nou an, sa gen ladan l Depatman Sèvis Relijye, tankou Prèt oswa Raben.
- Ak fanmi w, zanmi w, oswa lòt moun ki enplike oswa k ap peye pou swen w.

Nan sitiyasyon ki annapre yo, nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon w, si w ba nou otorizasyon:

- Pou fè piblisite
- Pou vann enfòmasyon w oswa fè pèman pou yon antite endepandan
- Pou pataje pifò nòt terapi anrapò ak mantal
- Nenpòt lòt rezon ki pa dekri nan Avi sa a

Ou ka anile (retire) otorizasyon sa a, sof si nou te gentan ap sèvi avè l. Tanpri ekri Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante, enfòmasyon pou kontakte a nan do Avi sa a.

DWA W

Lè se pou kesyon enfòmasyon sou sante w, ou gen kèk dwa. Ou ka:

- Enspekte epi jwenn yon kopi nenpòt enfòmasyon sou sante w nou ka itilize pou pran desizyon ki konsène w ak tretman w toutotan nou kenbe enfòmasyon sa a nan dosye nou yo. Sa gen ladan l dosye medikal ak fakti.
- Verifye oswa resevwa yon kopi enfòmasyon sou sante w, tanpri, voye demann ou an pa ekri bay direktè anchèf la, Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante, enfòmasyon pou kontakte a nan do Avi sa a.
    - Si w mande yon kopi enfòmasyon an, y ap fè w peye yon montan pou depans kopi, voye l pa lapòs oswa lòt materyèl nou resevwa pou n reponn ak demann ou an. Montan nòmal la se $0.75 pa paj si se papye e $6.75 fiks pou yon CD e anjeneral ou dwe peye l anvan ak nan moman n ap ba w kopi yo.
    - N ap reponn ak demann ou fè pou verifikasyon dosye yo nan 10 jou. Nou abitye reponn demann pou kopi yo nan espas 30 jou si enfòmasyon an twouve l nan lokal nou an ak nan 60 jou si l twouve l nan yon lòt lokal.
- Demann kominikasyon konfidansyèl. N ap eseye fè aranjman pou tout demann.
    - Pou w fè demann plis enfòmasyon konfidansyèl, tanpri, ekri Ajan ki Responsab Respè Prensip yo/Enfòmasyon Konfidansyèl la, Westchester Medical Center, Executive Offices, Taylor Pavilion West, 100 Woods Road, Suite C-138 Valhalla, New York 10595.
- Mande nou pou nou limite itilizasyon ak pataj pou tretman w, pèman, ak swen sante. Nou pa gen obligasyon pou nou dakò ak demann ou an, men n ap analize l. Lè w peye pou sèvis yo ak kòb ou, pou tout, e w mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon an ak asirans ou an, n ap dakò sof si gen yon lwa ki mande nou pataje enfòmasyon sa a.

- Mande nou pou nou chanje enfòmasyon sou sante w si w panse enfòmasyon nou gen sou ou a pa kòrèk oswa l pa konplè.

    - Pou w mande yon chanjman, tanpri ekri Direktè Anchèf la, Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante, enfòmasyon pou kontakte a nan do Avi sa a. N ap reponn demann ou fè pou verifikasyon dosye yo nan espas 60 jou.

  Resevwa yon lis moun nou pataje enfòmasyon yo avè yo a. Ou ka mande yon lis (kontabilite) ki gen lè nou te pataje enfòmasyon w e rezon an pou sis lane anvan demann ou an. Se pa tout pataj k ap nan lis la, tankou sa yo te fè nan kad tretman, pèman, oswa swen sante. Ou gen dwa jwenn lis sa a yon fwa chak 12 mwa gratis, men nou ka fè w peye montan pou nou ba w yon lòt lis pandan tan sa a.

    - Pou w mande yon lis, tanpri ekri Direktè Anchèf la, Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante, enfòmasyon pou kontakte a nan do Avi sa a. N ap reponn demann ou fè pou verifikasyon dosye yo nan espas 60 jou.

- Resevwa yon kopi Avi anrapò ak Enfòmasyon Konfidansyèl sa a. Annik mande nou e n ap ba w yon kopi nan fòma ou ta renmen an (papye oswa elektwonik). (papye oswa elektwonik).
- Chwazi yon moun pou pran desizyon nan plas ou. "Reprezantan Pèsonèl" sa a ka ranpli dwa w epi fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante w. Anjeneral, paran ak responsab minè yo ap gen dwa sa a pou pitit yo, sof lalwa bay minè a otorizasyon pou yo pran desizyon pou tèt li.
- Depoze yon plent si w santi yo pa respekte dwa w. Ou ka kontakte Ajan ki Responsab Respè Prensip yo/Enfòmasyon Konfidansyèl, Westchester Medical Center, Biwo Direktè yo, Taylor Pavilion, 100 Woods Road, Suite C-138 Valhalla, New York 10595 oswa Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Biwo Dwa Sitwayen, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints Nou p ap fè reprezay sou ou oswa pran desizyon kont ou paske w depoze yon plent.
- Mande plis pwoteksyon vi prive pou dosye medikal nan fòma elektwonik.

RESPONSABILITE NOU

- Lalwa ba nou obligasyon pou nou konsève enfòmasyon prive ki pwoteje sou sante w.
- N ap fè w konnen si gen enfòmasyon ki gaye ki ta ka bay pwoblèm nan konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon ki ka idantifye w.
- Nou dwe suiv pratik ki dekri nan Avi sa a epi ba w yon kopi ladan l.
- Nou gen dwa chanje kondisyon ki nan Avi sa a e chanjman yo ap aplike ak enfòmasyon nou gen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann epi sou sit entènèt nou an @ www.westchestermedicalcenter.com oswa lè w mande yon kopi nan pwochen vizit ou a.

KESYON OSWA ENKYETID

Si w gen kesyon oswa w ta renmen dwa w genyen ki dekri nan Avi sa a aplike, tanpri, kontakte Ajan Pou Fè Respekte Prensip/Enfòmasyon Konfidansyèl la nan: Westchester Medical Center, Corporate Compliance, 100 Woods Road, Suite C-138, Valhalla, New York 10595, by phone to 914-493-2600 oswa pa imel nan westchestermedicalcenter.com.

Pifò demann pou aplike dwa w yo dwe fèt pa ekri pou w voye l bay Ajan Enfòmasyon Konfidansyèl la oswa Direktè Anchèf la, Direksyon Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante, ki mansyone nan do Avi sa a. Pou plis enfòmasyon oswa pou w jwenn yon fòmilè demann, kontakte responsab respè règleman yo/konfidansyalite a nan 914-493-2600 oswa Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante a, enfòmasyon kontak yo nan dènye paj Avi sa a.

Avi sa a ofisyèl apati 10/2026.

KONFIMASYON OU RESEVWA AVI SOU PRATIK ANRAPÒ AK ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL

2655 (Rev. 04/22) PaJ 1 sou 1

Siyati m mete pi ba a vle di mwen rekonèt mwen te resevwa yon kopi Avi konsènan Pratik anrapò ak Enfòmasyon Konfidansyèl yo, donk, yo te fè m konnen ki fason lopital la ak etablisman ki mansyone nan kòmansman avi sa a ap itlize enfòmasyon sou mwen, ak fason mwen ka gen aksè ak kontwòl enfòmasyon sa yo. Mwen rekonèt tou e mwen konprann mwen ka mande kopi avi separe ki esplike pwoteksyon Vi Prive espesyal ki aplikab pou enfòmasyon ki gen rapò ak HIV, alkòl ak enfòmasyon konsènan tretman pou abi dwòg, enfòmasyon sou sante mantal ak enfòmasyon jenetik.

Siyati pasyan oswa Reprezantan Pèsonèl an

Ekri Non Pasyan oswa Reprezantan Pèsonèl la ak lèt detache

Dat

Deskripsyon Otorite Reprezantan Pèsonèl la

Depatman Jesyon Enfòmasyon sou
Sante (HIM) – Enfòmasyon pou Kontakte

Westchester Medical Center ki gen ladan l
Maria Fareri Children's Hospital
Behavioral Health Center MidHudson
Regional Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
100 Woods Road
Macy Pavilion
Valhalla, N.Y. 10595
914-493-7600

MidHudson Regional Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
241 North Rd
Poughkeepsie, NY 12601
845-431-8152

Good Samaritan Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
255 Lafayette Ave.
Suffern, NY 10901
845-368-5361

St. Anthony Community Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
15 Maple Avenue
Warwick, NY 10990
845-987-5202

Bon Secours Community Hospital
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
160 East Main St
Port Jervis, NY 12771
845-858-7086

HealthAlliance Hospital
sa gen ladan l Margaretville Hospital ak
Mountainside Residential Care Center
Jesyon Enfòmasyon sou Sante
105 Mary's Ave
Kingston, N.Y. 12401
845-334-3150

WMC Health
Westchester Medical Center Health Network